Ñaarelu nettali bi- **Doomu Yàlla (**extract from Contes et Mythes Wolof,Kesteloot et Mbodj, 1983

## I. Nettali bi

Léebóon !

Lippóon!

Amoon na fi !

Daan na am !

Ma nga ameewoon ca jamano yee, ba rab yi daan wax ag nit ñi. Amoon na fi jigéen ju bon ju nekkoon ag ñenti doomam. Ñoo nga dëkkoon, ca biir àll ba. Baayu xale ya ma nga dee, ba caat ma ñuy wax Tóni juddoo ; yaay ji jàpp ni xale di dafa aay gaaf. Mu daldi ko bañ. Bu mosee rëbbi ba ñów, day woo xale yi, benn benn, ñu nàmp ba mu des Tóni. Muy woy naan :

Jamloro kaay nàmp,

Jamloro Siisé kaay nàmp,

Biraama Siisé kaay nàmp,

Ndaama Siisé kaay nàmp,

Na Tóni xaar Yàlla, yaayam.

Di ko def ay yooni yoon. Waaye, jigéen ju bon ji mosul xam né Yàlla daan na feeñu Tóni ci melokaanu daar bu bare meew ; bu ñowee di nàmpal Tóni.

Am bés, musiba dal jigéen ji. Mu jóge ca àll ba di woy ; woy wa mu daan woowee xale yi ngir nàmpal leen ; yemmoog Bukki di jaar, mu déglu woy wi, jàng ko ba mën ko bu baax.

Beneen bés, yaayu xale yi dem rëbbi. Bukki doxe ko gannaaw, roy baatam, di woy woy wi. Xale yi di génn benn benn, Bukki di leen lekk ba mu des Tóni. Ba yaay ja jógee àll ba, muy woy, kenn wuyuwu ko, mu jaaxle lool. Yàggul dara, mu dégg baat bu mu miin, di woy, naan ko :

Jamloro, Bukki jël na ko,

Biraama Siisé, Bukki jël na ko,

Ndaama Siisé, Bukki jël na ko ;

Tóni rekka des ci yaayam Yàlla !

Ba mu dégee kàddu yooyu, jigéen ji dafa yuuxu, yuuxu gu tar, réer ci àll bi.

Foofa la léeb doxee tàbbi géej, bàkkan bu ko jëkka fóon tàbbi àjjana.